



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER
ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 18 jiyè 2012

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA POU RANFÒSE AK SIPÒTE BRASRI ATIZANAL NEW YORK YO

Nouvo Lwa a ap Konsève Avantaj Fiskal Enpòtan pou Ti Brasri Eta a

Egzante Ti Brasri yo pou yo pa Peye Frè Otorizasyon Anyèl Eta a pou Vann Alkòl

Kreye yon Lisans Brasri Atizanal pou Ankouraje Itilizasyon Engredyan Lokal yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te ale nan Matt Brewing Company ki nan Utica pou siyen lwa k ap ranfòse ak ede devlope endistri byè atizanal Eta New York k ap devlope ofi-amezi.

Pwojè-lwa a deziyen pou sipòte brasri ak antrepriz pwodiksyon diven yo nan New York, ogmante demann pou pwodui agrikòl lokal yo, epi ogmante devlopman ekonomik ak touris ki asosye avèk endistri a. Pwojè-lwa a ap pwoteje yon avantaj fiskal enpòtan pou ti brasri ki pwodui byè nan New York, egzante brasri ki pwodui ti kantite byè (kèlkeswa kote yo ye) pou yo pa peye yon frè Otorizasyon Eta a chak ane pou vann alkòl, epitou kreye yon lisans Brasri Atizanal k ap pèmèt brasè atizanal yo agrandi operasyon yo nou louvri restoran oswa nan vann nouvo pwodui.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Anplis pwodiksyon kèk nan byen ki pi bon kalite nan lemonn, brasri atizanal New York yo kreye djòb, yo sipòte kiltivatè eta a, yo ankouraje plantè yo, epitou yo pote lajan touris nan kominote lokal ki toupatou nan New York. Lwa mwen siyen jodi a montre New York tounèf la ap travay toutbon pou ti biznis yo, paske lwa sa a ap bay brasri ak antrepriz pwodiksyon diven yo posiblite pou investi nan nouvo opòtinite ak agrandi operasyon yo. Mwen bat moun ki sipòte pwojè-lwa a ak pou dirijan lejislatif yo pou travay yo sou lwa enpòtan sa a."

Nouvo lwa a gen ladan avantaj sa yo:

Pwoteje yon Avantaj Fiskal Enpòtan pou Brasri Eta New York yo

Nenpòt brasri ki pwodui 60 milyon galon byè oswa mwens nan New York ap kalifye kounye pou jwenn yon kredi fiskal ranbousab ki aplike sou taks Eta New York sou revni pèsonèl ak revni biznis. Kredi a se 14 pouzan pou chak galon pou pwochen 500.000 galon yo pwodui nan New York, ak 4,5 santim pou chak galon pou pwochen 15 milyon galon yo pwodui nan Eta a.

Kredi taks sa yo pral ede ankouraje agrandisman endistri brasri atizanal New York san pran souf, ki deja gen ladan plis pase 90 brasri, ki bay anpil milye djòb, epi ki sipòte plis pase \$200 milyon dola nan aktivite ekonomik chak ane. Dapre yon lwa ki la deja, ti brasè ki nan New York yo te resevwa yon egzanpsyón nan taks endirèk, men yo te konteste estrikti legal egzanpsyón an, sa ki te lakòz yo anile li. Avèk nouvo avantaj ki siyen pou vin yon lwa jodi a, chak ti brasè ap reyalize omwen sa yo te reyalize deja anba egzanpsyón anvan an.

Egzante Ti Brasri yo pou yo pa Peye Frè Otorizasyon Anyèl Eta a pou Vann Alkòl

Brasri ki pwodui mak 1.500 barik oswa mwens chak ane (kèlkeswa kote yo ye) kounye a pou yo pa peye frè etikèt mak \$150 chak ane a. Egzanpsyón sa a, ki kalifye pou brasè ki andedan ak deyò eta a, ap ekonomize anpil dizèn milye dola pou kontribiyab New York yo, epitou li pral ede pi piti brasri yo konsève kapital yo bezwen pou devlope operasyon yo, epitou pou kreye anpil djòb.

Kreye yon Lisans Brasri Atizanal pou Ankouraje Kwasans Brasri Atizanal yo

Akò a kreye yon lisans “Brasri Atizanal” k ap pèmèt brasè atizanal ki itilize pwodui yo fè nan Eta New York opere nan yon menm mannyè ak antrepriz pwodiksyon diven atizanal eta a, sa ki ta ogmante demann lan pou pwodui agrikòl yo fè sou plan lokal, epitou pou gen plis devlopman ekonomik ak touris.

Nouvo lisans lan ap pèmèt Brasri Atizanal yo devlope nan fason ki anba la yo:

- *Ogmantasyon Mache Detayan yo pou Pwodui New York yo:* Lwa a ap pèmèt Brasri Atizanal yo vann byè, diven, ak alkòl ki gen etikèt New York yo nan mache detayan yo. Answit, Antrepriz Pwodiksyon Diven yo ak Distilri yo ap jwenn pèmisyon kounye a pou vann byè ak alkòl ki gen etikèt New York pou konsomasyon lòt kote, epi Distilatè Atizanal yo ap jwenn pèmisyon kounye a pou vann byè ak diven ki gen etikèt Eta New York pou konsomasyon lòt kote.
- *Pèmisyon pou Brasri Atizanal yo Louvri Restoran:* Nouvo lwa a ap pèmèt pwopriyetè yon Brasri Atizanal fè esè gou ak sèvi byè ki gen etikèt New York nan nempòt restoran, sant konferans, otèl, sou kabann oswa nan dejene, oswa nan otèl li posede oswa ki toupre Brasri Atizanal la.
- *Ogmantasyon Tès Gou:* Nouvo lwa a ap pèmèt Brasri Atizanal yo, Antrepriz Pwodiksyon Diven, ak Distilri Atizanal yo fè esè gou tout byè, diven ak alkòl ki gen etikèt New York nan lokal yo.
- *Lavant Pwodui Asosye:* Nouvo lwa a ap pèmèt Brasri Atizanal yo vann ekipman ak materyèl pou fè byè, manje ki ajoute sou gou byè yo, atik souvni, ak lòt pwodui ki sanble avèk sa ki gen otorizasyon anba lwa sou Brasri Atizanal.

Pou ka resevwa yon lisans Brasri Atizanal, byè a dwe fèt sitou avèk pwodui agrikòl yo fè nan zòn nan. Jouk nan fen ane 2018, yo dwe plante oswa pwodui omwen 20% oublon ak 20% tout lòt engredyan yo

nan Eta New York. Ant 1ye janvye 2018 ak 31 desam 2023, yo dwe plante oswa pwodui 60% oublon ak 60% tout lòt engredyan yo nan Eta New York. Apre 1ye janvye 2024, yo dwe plante oswa pwodui 90% oublon ak 90% tout lòt engredyan yo nan Eta New York. Yo ta deziyen byè yo fè dapre gid sa yo kòm "byè ki gen etikèt Eta New York". Pwojè-lwa a baze sou "Lwa 1976 sou Brasri Atizanal," ki te ankouraje kwasans pwodiksyon diven nan eta sa a, ansanm avèk kreyasyon 249 brasri atizanal ak miltiplikasyon kantite antrepriz pwodiksyon diven yo pa twa.

Egzante Antrepriz Pwodiksyon Diven, Distilri ak Brasri Atizanal yo nan Egzijans pou yo pa Peye Taks ki Ensipòtab

Antrepriz Pwodiksyon Diven yo, Distilri Atizanal yo ak Brasri Atizanal gen egzanpsyon kounye a pou yo pa peye gwo taks ak taks ki ensipòtab. Pou kounye a, tout kote k ap vann byè, diven ak alkòl an gwo isit la nan New York gen obligasyon pou rapòte lavant yo fè ba restoran, ba, ak lòt detayan yo. Men, paske antrepriz pwodiksyon diven, distilri ak brasri atizanal yo piti, souvan se fanmi ki posede operasyon yo, epitou yo batay anpil pou jwenn mwayer pou fè depans pou konfòme yo avèk kondisyon sa a pou bay rapò a chak ane. Fado yo enpoze sou yo akòz egzijans pou yo fè rapò sa a diminye benefis yo resevwa nan Depatman Fiskal Eta a, paske acha nan brasri atizanal yo ak nan antrepriz pwodiksyon diven yo, distilri ak brasri atizanal yo konte pou yon pouvantaj ki piti anpil nan lavant total byè ak diven eta a. Biznis sa yo deja gen obligasyon lalwa pou konsève dosye lavant Depatman Fiskal la ka jwenn sou demann, sa ki fè lòt egzijans pou yo fè rapò obligatwa a pa nesesè.

Enfòmasyon sou Matt Brewing Company

Se yon imigran ki te fèt nan peyi Almay, Francis Xavier Matt, ki te kreye Matt Brewing Company nan ane 1888. Se dezyèm fanmi ki pi aje ki posede brasri a nan Etazini, epi mak depoze liy byè Saranac li ale nan Kanada, Japon ak Ostrali. Jodi a, se twazyèm ak katriyèm jenerasyon ki fanmi Matt ki gen kontwòl brasri a, anba sipèvizon prezidan ak direktè jeneral Nick Matt, ki gen neve li Fred Matt k ap sèvi kòm prezidan. Kòm yon rezulta pwojè-lwa Gouvènè a siyen an lwa jodi a, Matt Brewing Company p ap gen pou peye yon lòt \$493.900 nan taks chak ane.

Senatè David J. Valesky di konsa, "Sipò ekonomik pake lwa sa a bay pou endistri agrikòl la ak pou ti biznis ki toupatou nan eta a gen anpil enpòtans. Mwen bat bravo pou Gouvènè a ak kamarad mwen yo nan Lejislati a poutèt yo rekonèt enpòtans pwoblèm sa a, epi mwen pa ka tann pou wè rezulta travay nou nan sou fòm kwasans nan endistri a."

Senatè Lee Zeldin di konsa, "Li trè enpòtan pou fè tout sa ki nan pouvwa nou pou ede brasè atizanal New York yo gen siksè. Endistri sa a t ap vanse ak agrandi nan dènye deseni an pandan lòt endistri yo t ap soufri, epi anpil djòb te pèdi. Se rezon sa a ki fè mwen, kòm sipòtè orijinal pwojè-lwa sa a nan Sena a, mwen kontan anpil poutèt Gouvènè Cuomo te siyen pwojè-lwa sa a pou fè byè atizanal New York la pwospere. Pwojè-lwa a se egzakteman sa ekonomi New York nou an bezwen. L ap pèmèt brasè yo, gwo ak piti, depi nan Blue Point Brewery pou rive nan distri mwen an- jiska Matt's Brewery ki nan Utica, kontinye agrandi ak devlope, kreye anpil djòb, epi kenbe pri yo konpetitif pou byè atizanal New York la."

Senatè Joseph A. Griffó di konsa, "Akò sa a asosye youn nan pi ansyen ak pi gwo endistri New York yo – agrikilti, avèk youn nan endistri k ap vanse pi vit nan eta a - brasri atizanal yo. Ansanm y ap ede reprezante kèk nan patwon ki pi estab nan zòn Mohawk Valley mwen an, ak nan kèk pati nan zòn lavil ak riral New York. Yon fwa ankò mwen di Gouvènè Cuomo mèsi poutèt li fè yon sèl avèk Majorite Sena nou an ak patnè nou yo ki nan Asanble a pou rekonèt rabè nan taks ki sible avèk prekosyon se youn nan pi bon fason pou nou ede kenbe ak kreye djòb sa yo."

Senatè Roy McDonald di konsa, "Nouvo lwa sa a montre kijan li enpòtan pou nou travay ansanm pou ede ti biznis yo nan Eta New York. Rediksyon fado taks ak frè se egzakteman kalite desizyon nou dwe pran pou ede pwopriyetè ti biznis yo gen siksè, epitou mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt li travay avèk nou pou reyalize sa."

Senatè Patty Ritchie, di konsa, "Sa a se yon refòm k ap mete brasri atizanal New York sou menm chemen avèk endistri diven k ap vanse anpil nan eta nou an. Sipò pou kwasans brasri atizanal nou yo se yon viktwa pou nou tout. Pwojè-lwa sa a ap ede kreye anpil djòb, sipòte endistri agrikòl enpòtan New York, epi ede brasri atizanal yo pwodui bon kalite byè yo jwenn sèlman nan eta nou an."

Senatè David J. Valesky di konsa, "Sipò ekonomik pake lwa sa a bay pou endistri agrikòl la ak pou ti biznis ki toupatou nan eta a gen anpil enpòtans. Mwen bat bravo pou Gouvènè a ak kamarad mwen yo nan Lejislati a poutèt yo rekonèt enpòtans pwoblèm sa a, epi mwen pa ka tann pou wè rezulta travay nou nan sou fòm kwasans nan endistri a."

Pòt Pawòl Asanble a, Sheldon Silver, di konsa, "Lè nou sipòte endistri nou yo k ap vanse ofi-amezi, avni Eta New York parèt menm pi aklè. Asistans tounèf sa a pou brasri nou yo ap fè li pi fasil pou sektè sa a nan ekonomi nou an devlope ak pwogrese, epi mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt li siyen pwojè-lwa sa a sou non kiltivatè yo, brasè yo, ak moun ki renmen byè yo toupatou nan eta a."

Manm Asanble William Magee di konsa, "Endistri agrikòl ak endistri byè a nan Eta New York deja se motè kreyasyon djòb, sa ki bay anpil milyon dola pou ekonomi nou an chak ane. Dapre lwa sa a, kiltivatè ak brasè nou yo ap gen plis posiblite pou agrandi biznis yo epi pou vann pwodui yo sou mache a."

Manm Asanble Anthony J. Brindisi di konsa, "Kredi taks sa yo sou pwodiksyon byè a ap ede sipòte biznis lokal tankou F.X. Matt Brewing Company. Biznis tankou Matt, yon referans nan Utica pandan plis pase san ane, envesti nan kominate nou yo, epitou yo kreye anpil djòb. Mwen pa ka tann pou travay anpil avèk Gouvènè Cuomo pou ede biznis nou yo fè konpetisyon ak devlope, pou montre lemonn kijan New York louvri pou biznis."

Manm Asanble Joseph R. Lentol di konsa, "Kredi taks sa a, egzanpsyón nan frè sou etikèt mak, ak kreyasyon deziyasyon Brasri Atizanal se nouvo sipò enpòtan pou kwasans kominate byè atizanal New York. Mwen bay lonè pou Gouvènè Cuomo poutèt li siyen pwojè-lwa sa a, epitou poutèt li ranfòse rezò patwon yo."

Manm Asanble Joseph Morelle di konsa, "Depi nan chan oublon yo pou rive nan sal eseyaj gou yo, sa a se yon viktwa pou endistri byè atizanal New York ak pou moun ki renmen byè yo nan eta a. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsi pou siyati ak sipò li."

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418